


La Bib pou ti moun
prézanté

Ezekyèl, nonm vizyon yo



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Sa genyen lontan, puisan lame lènmi yo te atake Jida
epi yo te mennen pèp la an kaptivite Babilòn. Lwen
lakay yo, Jwif sa yo t ap viv toupre flèv Keba
(Kebbar) a. Nan mitan yo
te genyen Ezekyèl, yon
pwofèt Bondye.




Yon jou, Bondye te bay Ezekeyèl yon vizyon. Glwa Bondye te parèt tankou yon limyè klere, sou fòm kat bèt. Yo chak te genyen kat figi ak kat zèl. Sou yo te gen yon bagay ki te sanble ak yon pyè safi ki te gen fòm yon twòn. Lè Ezekeyèl te wè sa, li te tonbe fas atè.



Lespri Bondye a te pran Ezekyèl epi li te pote l
al depoze kote Juif yo ki te egzile
nan yon lòt kote flèv
Keba a. Li te rete
la pandan sèt jou,
etone pami yo. Apre
sa, Bondye te fè
Ezekyèl vin yon gad.
Li te dwe avèti pèp
mechan an pou li pa
dezobeyi Bondye.






Ezekyèl te fè kèk bagay etranj pou li fè pèp la konprann pawòl Bondye a. Li te fè yon imaj Jerizalèm ki antoure ak yon gwo lame sou yon moso ajil. Petèt te gen kèk moun ki t ap gade pa dèyè sou zepòl li. Li te vle montre yo vil sen Bondye a t ap ral detwi byento.





Izrayèl, wayòm nò a, te dezobeyi Bondye pandan 390 lane, epi Jida, wayòm sid la, pandan 40 lane. Se poutèt sa Izrayèl te detwi, epi se poutèt sa Jida t apral tonbe byento. Bondye te di Ezekyèl pou li kouche sou bò gòch li pandan 390 jou, apre sa sou bò dwat la pandan 40 jou, pou l fè pèp la sonje lane peche yo te fè yo.






Pèp la dwe te kòmanse panse
Ezekyèl te yon nonm etranj. Li
te fè tout sa Bondye te di l fè.
Yon jou, li te kale tèt li epi li te
boule yon tyè nan cheve li yo.
Se te pou li te montre yon tyè
nan pèp Jerizalèm nan t apral
mouri grangou lè lame
babilonyen an ta atake vil la.




Ezekyèl te pran yon lòt tyè nan cheve l epi li te frape l ak yon epe. Se te pou li montre yon tyè nan abitan yo t ap ral mouri anba epe lènmi yo. Ezekyèl te gaye tyè ki te rete a nan van an. Men, li te kenbe kèk cheve nan rad li, kòm yon siy Bondye ta prezève yon ti pòsyon nan pèp li a, ki ta kapab retounen nan Latè Pwomiz la.




Pwofèt sa a te di kaptif jwif yo bagay yo
te kapab sèlman vin pi mal, pa pi bon
pase sa yo te espere a. Pèp la te
fache kont Ezekyèl, men li te
kontinye preche Pawòl
Bondye a. Yon jou, pandan
Ezekyèl te chita avèk
ansyen yo, Bondye te ba
li yon vizyon. Nan
vizyon sa a, Bondye
te pran l nan cheve
epi li te pote l
nan Tanp
Jerizalèm
nan.




Nan Tanp lan, Bondye te montre Ezekyèl bagay k ap ranpe, bèt enpi ak zidòl. Bagay sa a pa te dwe janm rive nan Tanp Bondye a.



Ansyen yo te adore bagay sa yo olye yo te adore Bondye, ki te montre Ezekyèl glwa li t apral kite tanp lan, epi li t apral detwi. Lè vizyon an te fini, Ezekyèl te rakonte juif yo li.







Tout sa Bondye te di te rive vre.
Jerizalèm te detwi. Anpil moun te peri.
Lè Juif ki te kaptif nan Babilòn yo te
tande sa, yo te mande tèt yo si Bondye te
abandone pèp li a pou tout tan.




Men, Bondye te voye yon lòt mesaj
bay pwofèt li a. Li te mennen
Ezekyèl nan yon vale ki te plen ak
zo moun sèch.




"Pitit lòm nan, èske zo sa yo kapab viv ankò ?"
Bondye te mande. "Senyè Letènèl, ou konnen
repons lan," Ezekyèl te reponn. Zo sèch pa ka viv
ankò.




Letènèl di : "Pwofetize sou zo sa yo epi di yo : Zo sèch, koute pawòl Letènèl ! epi n'ava viv." Apre li te fin obeyi, Ezekyèl te tande yon bri mouvman. Ki sa nou panse li te ye ?




Pandan pwofèt la t ap gade ak etònman, kò yo ki t ap rasanble ansanm, zo pa zo.




Après ça, ché te kouvri yo.




Lè sa a, po a te kouvri yo, men yo pa te genyen souf
nan yo.




Letènèl di, "Pitit lòm nan, pwofetize, epi di : Lespri,
soti nan kat van yo, soufle sou moun ki mouri sa yo,
epi pou yo viv ankò." Ezekyèl te fè sa, epi lespri te
antre nan yo, yo te vin gen lavi ankò, epi yo te leve
kanpe sou de pye yo. Yon gwo lame te plen vale a.



Bondye te konnen Juif Babilòn yo te pèdi lespwa lè Jerizalèm te fin tonbe a. Li te voye yon mesaj nan yon vizyon Ezekyèl. "Zo sa yo se tout pèp Izrayèl la, Bondye te di. Mwen apral mete Lespri m nan nou epi m ap fè nou retounen nan peyi nou."



Ala yon gwo mesaj lespwa Bondye te voye ! Pwomès
Bondye Ezekyèl te transmèt yo te vin reyalite lè
Juif yo te retounen nan peyi pa yo. Yo te konnen se
Bondye ki te fè yo retounen.



Ezekyèl, nonm vizyon yo

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Ezekyèl


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





29



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

